



KONNEN DWA OU NAN PWOSÈ DEPÒTASYON

Tout moun nan Fen Etazini, *enkli imigran ki pa gen papyè*, gen dwa ak pwoteksyon Konstitisyonèl. Ni imigrasyon ni lapolis pap sipoze ou vle egzèse dwa ou. Se ou menm ki responsab pou fè yo konnen lè ou montre yo kat “Know Your Rights” oubyen lè ou di ajan an ou ap egzèse dwa ou.

Si yo fin mete ou nan pwosedi pou retire ou, ou gen dwa ki pwoteje ou.

Yo dwe ba ou yon kopi Avi pou Konparèt (NTA) ou a.

Yon NTA se dokiman ki kòmanse pwosedi pou retire ou a epi ki di ou poukisa imigrasyon kwè ou ta dwe retire nan Etazini. Asire ou revize NTA a ak yon reprezantan legal.

Ou gen dwa pou goumen pou ka ou a epi pou gen yon jijman.

Si ou fèk antre nan Etazini toupre fwontyè a oswa si yo te deja depòte ou, imigrasyon ka eseye depòte ou san yon odyans oswa yon reprezantan legal. Anjeneral, sepandan, sòf si ou rate yon odyans, gouvènman an pa ka depòte ou san yo pa ba ou yon jijman (yo rele sa yon odyans endividyèl) kote ou gen opòtinite pou goumen pou pèmisyon pou rete nan Etazini.

Yo dwe ba ou yon Avi pou Odyans pou chak odyans ki pwograme.

Avi pou Odyans lan liste dat, lè, ak kote odyans ou yo pwograme. Ou ka tcheke tou pou odyans ki pwograme atravè liy dirèk la. Pou itilize liy dirèk la, ou dwe gen nimewo imigrasyon (“A”) ou an. Rele 1-800-898-7180 oswa ale sou acis.eoir.justice.gov/en.

Ou ka depòte si ou rate odyans ou.

Si ou pa nan tribinal pou yon odyans ki pwograme, jij la pral pwobableman siyen yon lòd depòtasyon. Avèk kèk eksepsyon limite, sa vle di ou pèdi ka ou san yon dezyèm chans pou goumen li.

Ou gen dwa pou yon reprezantan legal.

Ou ka gen yon reprezantan legal avèk ou nan tout odyans imigrasyon yo. Gouvènman an p ap ba ou reprezantasyon gratis. Si ou pa gen yon reprezantan, mande pou yon lis sèvis legal gratis oswa ki pa chè epi mande jij la pou tan pou jwenn youn. Yon reprezantan ka ede montre ke rezon ki fè ou la a se yon defans valab pou depòte anba lwa Etazini.

Remak: Nan Etazini, notè pa gen otorizasyon pou pratike lwa imigrasyon – sèlman avoka ak reprezantan akredite. **Fè atansyon ak nenpòt moun ki angaje nan pratik ilegal lwa!** Ou gen dwa pou mande moun ki vle ede ou a si yo se yon avoka oswa yon reprezantan ki gen tout akreditasyon ak otorizasyon pou pratike lwa epi ale nan tribinal imigrasyon avèk ou.

Yo dwe founi ou yon entèprèt nan yon lang ou pale epi konprann byen.

Li trè enpòtan ke ou konprann sa ki di nan tribinal la, kidonk si ou gen difikilte pou konprann entèprèt la, ou ta dwe di sa bay jij la.

Ou gen dwa pou mande pou yon ale volontè.

Ou ka fè sa si ou pa vle goumen ka ou. Ou responsab pou achte tikè pou tounen lakay ou epi kite nan 60 jou apre lòd jij la. Pale ak yon reprezantan legal sou konsekans ale volontè ak depòtasyon.

Ou gen dwa pou fè apèl.

Anjeneral, si yon jij mete yon lòd ou pa dakò avè, ou ka mande pou yo revize lòd sa pa yon otorite ki pi wo. Konsilte yon reprezantan legal sou dat limit ak otorite legal pou yon apèl.